



Pou Piblikasyon Imedya: 5/10/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON POU RANN POLYÈ DLO POTAB
YO RESPONSAB**

Lejislasyon (S.8763A/A.9824A) pwolonje delè preskripsyon pou pèmèt founisè dlo piblik yo kòmanse aksyon kont polyè yo

Lwa pèmèt kominote ki gen dlo ki kontamine yo rekouvri depans pou filtrasyon oswa tretman ki nesèsè yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon (S.8763A/A.9824A) ki pèmèt otorite dlo lokal yo pran aksyon legal kont polyè dlo potab yo pou reklamasyon ki te entèdi anvan akòz delè preskripsyon yo. Otorite dlo lokal yo ka jeneralman sèlman pouswiv legalman kont konpayi yo nan espas twazan apre lè move konduit oswa kontaminasyon pwodui.

"Tout Moun New York merite aksè ak dlo pwòp, ki san danje epi ki abòdab", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou siyen lejislasyon sa a, ki bay founisè dlo lokal yo yon lòt mwayen pou yo pran aksyon kont polyè yo epi rekipere depans tretman oswa filtrasyon yo, n ap asire nou non sèlman rann konpayi sa yo responsab, men tou nou priyore sante ak byennèt Nouyòkè yo."

Lejislasyon (S.8763A/A.9824A) pèmèt founisè dlo piblik yo relanse nenpòt aksyon, reklamasyon sivil, oswa kòz aksyon ki enplike yon kontaminan emèjan ki te kapab entèdi paske delè preskripsyon an te ekspire. Sa pèmèt otorite dlo lokal yo pouswiv aksyon kont polyè yo pou rekipere depans tretman ak filtrasyon kòm rezilta kontaminasyon.

Nouvo lwa a bay founisè yo jiska yon ane edmi apati jodi a pou pote aksyon kont polyè yo pou reklamasyon ki otreman te ka entèdi nan kad delè preskripsyon an. Anplis de sa, lejislasyon an defini yon kontaminan emèjan kòm sinifikasyon nenpòt sibstans fizik, chimik, mikwobyolojik oswa radyolojik ke yo idantifye oswa ki nan lis kòm yon kontaminan emèjan nan sante piblik la oswa nenpòt lòt delè preskripsyon.

Senatè Eta a, James Gaughran, te deklare, "Pwojè lwa sa a te klarifye entansyon lejislasyon orijinal mwen an pou pèmèt founisè dlo piblik yo chèche yon fason retwo-aktif domaj lakay polyè yo epi rann yo responsab pou depans pou netwaye

kontaminasyon rezèv dlo nou yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè a pou angajman kontinyèl li pou asire Nouyòkè yo gen dlo pwòp pou yo bwè."

Manm Asanble Fred W. Thiele, Jr. te deklare, "Pwodwi chimik emèjan yo reprezante yon gwo menas pou nap souteren ki bay dlo pou nou bwè a nan Long Island. Nou pa ta dwe fòse peye pi gwo pousantaj ak taks pou netwaye kontaminasyon ki te koze pa polyè irèsponsab yo. Yo ta dwe rann polyè yo responsab pou domaj yo te koze isit la nan Long Island ak atravè Eta New York. Pwojè lwa sa a fè li klè ke nan Eta New York se polyè yo ki peye. Mwen remèsye sensèman Gouvènè Hochul paske li apwouve lwa bon sans sa a, ki bay founisè dlo piblik yo remèd ki nesesè yo epi ki pwoteje anviwònman nou an."

Direktè Egzekitif Kanpay Sitwayen pou Anviwònman an, Adrienne Esposito, te deklare, "Nou tout bezwen ak merite dlo pwòp, men nou bezwen tou dlo abòdab. Piblik la pa te polye dlo nou yo, se endistri a ki te fè sa. Se poutèt sa, piblik la pa ta dwe peye pou gwo pri filtrasyon an. Lejislasyon an asire ke yo ka poswiv polyè yon fason retwo-aktif epi rann yo responsab pou bezwen tretman dlo pou bwè yo. Li asire ke yo pral rann polyè yo responsab pou gwo depans pou trete rezèv dlo potab nou yo. Sa a se yon gwo viktwa pou dlo pwòp, dlo abòdab, ak pwoteksyon sante piblik. Nou kontan paske Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa sa a epi li te avanse objektif dlo pwòp ak abòdav la nan Eta New York."

Kevin Durk, Prezidan Konferans Dlo Long Island lan, te deklare, "Sinyati pwojè lwa sa a an lwa absoliman enpòtan pou founisè dlo yo. Li pral sipòte anpil efò nou yo pou rann polyè yo responsab pou kontaminasyon ak ranfòse kapasite nou pou rekipere depans ki asosye ak tretman pou kontaminan nan rezèv dlo potab nou yo. Nou remèsye ak tout kè nou Gouvènè Hochul ansanm ak manm Sena a ak Asanble a pou aksyon sa yo ki pral benefisye chak founisè dlo nan rejyon an ansanm ak plizyè milyon moun Long Island n ap sèvi ansanm."

Prezidan Konsèy Otorite Dlo Konte Suffolk la (Suffolk County Water Authority), Patrick Halpin, te deklare, "Sinyati lwa sa a pral ede asire ke polyè yo, se pa kontribiyab yo, ap peye pou depans pou retire polisyon pa yo nan dlo nou an. Nou nan SCWA remèsye Gouvènè Hochul paske li pwoteje kontribiyab SCWA yo, aksè nou nan tribinal yo, ak anviwònman an."

###